

Biwo Avoka Jeneral Letitia James nan Eta New York

# Aplikasyon Lwa sou Pwopriyete Imobiliye New York § 230 la



Dapre lalwa New York, lokatè yo gen dwa pou yo fòme asosyasyon lokatè epi fè reyinyon lokatè sou pwopriyete oswa nan pwopriyete kote yo abite a. Pwoteksyon sa yo pwolonje nan zòn oswa teren komen yon bilding, ki gen ladan antre prensipal la ak koulwa a, menm si se pwopriyetè a ki posede pwopriyete a.

Memorandòm sa a bay lapolis nan Eta New York konsèy k ap reponn ak plent pwopriyetè yo, sirenandan yo, oswa lòt moun lokatè yo oswa envite yo ap òganize oswa ap rankontre yon fason ki pa kòrèk nan yon bilding oswa sou teren komen. Lapolis ta dwe pran prekosyon pou evite pwopriyetè yo itilize yo yon fason ki pa entansyonèl pou vyole dwa lokatè yo genyen pou yo òganize yo epi rankontre.

## Espesifisite sou Lwa sou Pwopriyete Imobiliye § 230 la

Lwa sou Pwopriyete Imobiliye § 230(1) kreye pwoteksyon solid pou lokatè ki egzije:

“Okenn pwopriyetè pa dwe entèfere ak dwa yon lokatè pou fòme, rejwenn oswa patisipe nan aktivite legal nenpòt gwoup, komite oswa lòt òganizasyon ki fòme pou pwoteje dwa lokatè yo; ni okenn pwopriyetè pa dwe asele, pini, penalize, diminye, oswa refize nenpòt dwa, avantaj oswa privilej yon lokatè selon lokasyon li dèské li te egzèse dwa sa a.”

Anplis de sa, dapre Lwa sou Pwopriyete Imobiliye § 230(2), lokatè New York yo gen dwa:

“...rankontre san nou pa oblige peye yon frè nan nenpòt kote nan lokal pwopriyetè a ki gen ladan yon kominate oswa chanm sosyal kote itilizasyon an sibi nòmalman yon frè ki konsakre pou itilizasyon komen tout lokatè yo nan yon fason pezib, nan èdтан rezonab ak san yo pa anpeche moun aksè nan lokal yo oswa etablisman yo. Okenn pwopriyetè pa dwe refize dwa sa a.”

## **Sansibilizasyon Lokatè Pwoteje**

- Lokatè yo gen dwa frape nan pòt lòt lokatè yo pou pale ak yo sou pwoblèm biling lan epi rekrite lokatè sa yo pou yon asosyasyon lokatè oswa nenpòt gwoup lokatè ekivalan.
- Epitou lokatè yo gen dwa pou afiche “fey pou enskripsiyon” oswa feyè sou tablo afichaj biling konsènan aktivite òganizasyon, epi yo ka distribye enfòmasyon nan yon lòt fason, tankou glise feyè anba pòt.
- Yon plent yon lokatè, pwopriyetè, sirenandan, oswa nenpòt lòt moun konsènan kalite sansibilizasyon sa yo pa rezante yon motif pou lapolis entèvni.
- Pwopriyetè yo ka plenyen pou di moun ki pa lokatè, tankou òganizatè lokatè oswa avoka, prezan sou pwopriete prive pou fè aktivite òganizasyon. Sa pa ilegal.  
Òganizatè lokatè yo ak avoka yo gen dwa fè aktivite òganizasyon pou lokatè yo sou pwopriete prive a sou demann yon lokatè ki abite nan pwopriete sa a. Lokatè a pa bezwen akonpaye òganizatè a oswa avoka a nan tout pwopriete a epi yo ka pa kapab mete yo deyò nan pwopriete a.
- Lapolis ka resevwa yon plent kote òganizatè lokatè yo ap mande lokatè yo enfòmasyon kontak yo oswa poze yo kesyon sou apatman oswa lwaye yo. Sa a akseptab. Lokatè yo pa oblige bay òganizatè lokatè yo okenn enfòmasyon, sepan dan, òganizatè yo gen otorizasyon pou mande enfòmasyon yo jije nesesè pou rezoud pwoblèm nan biling nan ki ka gen rapò ak pwoblèm tankou reparasyon oswa politik sou fikse pri lwaye pwopriyetè a.

## Aktivite Reyinyon Pwoteje

- Lapolis, rankontre yon reyinyon lokatè ak òganizatè nan yon biling, yo pa ka dispèse reyinyon an sof si li vyole entèdiksyon estrik nan Lwa sou Pwopriyete Imobiliye § 230 la, tankou lè aktivite yo pa pezib. Dispèse yon reyinyon legal vyole dwa lokatè yo pou òganize. Lapolis ta dwe mande pou pale ak lyezon, reprezantan, oswa avoka lokatè yo pou detèmine objektif rasanbleman an. Si reyinyon an se pou diskite sou nenpòt enkyetid lokatè a, tankou degèpisman, lokasyon, lwave, kondisyon biling, oswa grèv lwave, reyinyon an pwoteje selon Lwa sou Pwopriyete Imobiliye § 230 la epi yo pa dwe dispèse li.
- Lapolis ka resevwa yon plent tou, ki di yon reyinyon lokatè ap fèt nan antre oswa lòt zòn komen nan biling lan oswa pwopriyete a. Lalwa otorize reyinyon lokatè yo fèt nan zòn komen nan yon biling oswa yon pwopriyete. Yo ka mete atik ki nesesè pou reyinyon an tankou yon tab ak chèz nan zòn komen pou reyinyon an.
- Lapolis ka reponn yon plent nan men lokatè yo oswa òganizatè lokatè yo ki di yon pwopriyetè oswa sientandan ap chèche entèfere ak dispèse reyinyon yo nan vyolasyon Lwa sou Pwopriyete Imobiliye § 230 la. Lapolis ta dwe chèche enfòme pwopriyetè yo ak/ oswa sientandan yo pou di aksyon yo a ka vyole Lwa sou Pwopriyete Imobiliye § 230 la epi yo dwe bay otorizasyon pou yon reyinyon pezib kontinye san rete.
- Lapolis pa ta dwe detèmine si yon reyinyon prezante yon danje pou dife pran oswa lòt detèminasyon ki pa nan konpetans yo.
- Pwopriyetè ki itilize fòs oswa otreman eseye dispèse reyinyon lokatè legal yo ka vyole lwa penal tankou Konduit Dezòdone, Menas, Asèlman Agrave, oswa Atak. Lapolis ta dwe itilize diskresyon yo nan aplike sa yo, ak lòt lwa penal apwopriye pou prezève lapè lè lokatè yo ap egzèse dwa yo dapre Lwa sou Pwopriyete Imobiliye § 230 la.

## Konklizyon

Lè yo rele yo pou dispèse yon reyinyon lokatè oswa pou mete entri deyò, ajan polis yo pral vle gen yon bon konpreyansyon sou Lwa sou Pwopriyete Imobiliye § 230 la ak pwoteksyon li bay lokatè yo ak reprezantan yo pou yo rankontre ak òganize.

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la disponib pou ede depatman lapolis lokal yo devlope konsèy pou ajan yo lè reyinyon lokatè yo ak òganizasyon aktivite yo.